

BILTEN ENFÒMASYON KÒLÈG NOU YO EKRI

Enfòmasyon nou Dwe Genyen sou Eleksyon ki pral fèt Isit la sou kesyon Sendika a

Gen yon gwo majorite nan chofè, monitè, ak mekanisyen yo ki dakò pou fòme yon sendika nan Baumann, Acme, Alert, ak Brookset. Men kèk enfòmasyon enpòtan sou rezon desizyon nou pran an. An prensip, men kisa kesyon an ye: Èske nou vle wè chanjman nan konpayi nou an, oubyen èske nou vle tout bagay rete menm jan?

	Lè nou tounen Teamsters <i>(SI NOU VOTE POU YON SENDIKA POU FÈ CHANJMAN)</i>	San Teamsters yo <i>(SI NOU PA VOTE POU YON SENDIKA, EPI NOU KENBE TOUT BAGAY MENM JAN)</i>
Asirans maladi	<p>SÈL chans nou genyen pou asirans maladi nou vin pi bon, se si nou fòme yon sendika.</p> <p>Teamsters Local 1205 negosye bon kalite avantaj asirans maladi pou manm li yo ki travay nan otobis Long Island, nan First Student.</p>	<p>Asirans maladi nou an twò chè pou pifò nan nou ka rive peye l.</p> <p>Asirans maladi nou an pa bon kalite.</p> <p>Asirans maladi nou an ap rete menm jan, kidonk se Ronnie Baumann k ap kontwole tout bagay ladan si nou pa fòme yon sendika.</p>
Salè nou	<p>Si nou fòme yon sendika, nou pral kapab negosye pi bon salè. Se SÈL jan nou ka rive gen yon pi bon salè.</p> <p>Nan kote chofè otobis yo se Teamster, yo pa kapab kontinye peye salè po patat, paske gen yon mwayen ki efikas ak serye pou rezoud kesyon salè.</p> <p>Dapre enfòmasyon Depatman Travay Etazini an, anplwaye sendike yo resevwa 30% plis nan salè yo, pase anplwaye ki pa sendike.</p>	<p>Si nou pa fòme yon sendika, salè nou ap rete menm jan, oubyen l ap vin pi mal, epi se Ronnie Baumann ki pral kontwole tout bagay ladan.</p> <p>Yo pral kontinye koupe sou peman nou tout tan.</p>
Sekirite	<p>Se sèl chans nou genyen pou negosye pou otobis, pou sendika lokal nou an, ak pou sal repo ki gen plis sekirite.</p>	<p>Anyen p ap chanje si nou pa fòme yon sendika.</p>
N ap gen lapawòl nan kesyon salè, avantaj anplwaye, ak kondisyon travay nou	<p>An menm tan ak yon ekspè nan negosyasyon sendika, nou pral kapab chita pale kòm patnè egal-ego avèk manadjè yo, pou negosye PWÔP kontra NOU, ki pral amelyore ak pwoteje travay nou, epi yo pral oblije aplike l.</p> <p>Anplwaye otobis lekòl ki se Teamster fè sa nan plis pase 500 sendika lokal nan tout peyi a.</p>	<p>Nou pa gen lapawòl, epi nou pa gen pouvwa desizyon. Se manadjè yo ak Ronnie Baumann ki pral pran desizyon sou salè, avantaj, ak wout nou fè yo.</p>
Respè	<p>Avèk yon kontra sendika, yo pa pral kapab derespekte travayè.</p> <p>Nou pral gen yon pwosedi ki rele pwosedi pote plent, pou rezoud pwoblèm lè yo vyole kontra a ak dwa nou.</p>	<p>Nou ka rive, paske twò souvan yo manke nou dega, men san yon sendika, nou pa gen defans ni remèd.</p>

Nou prevwa Ronnie Baumann pral peye konsiltan ki kont sendika yo plizyè milye dola chak jou, anplis lajan pou depans avoka yo, anvan dat eleksyon an rive poutèt enfòmasyon yo gen pou bay Depatman Travay la. Tout moun ki kont sendika yo oblije bay enfòmasyon sa yo. Yo pa moun enpasyal ki enterese bay enfòmasyon ki "laverite" – se moun k ap fè pwopagann pou Baumann, epi travay yo se defòme laverite sou efò n ap fè pou fòme yon sendika, pou anpeche nou fè chanjman tout moun konnen ki nesèsè yo!

VOTE WI NAN 20 NOVANM POU SENDIKA TEAMSTERS NOU AN!

An nou bati mouvman nou an pou chanjman pozitif! Nou **KAPAB!**

